# ТУРАҚ ЖАЙЛАРДА ӨРТ ҚАЎИПСИЗЛИГИН ТАМИЙИНЛЕЙИК!

**Н.Тажимуратов**

Хожели районы АЖБ АЖПБ инспекторы капитан.

*https://doi.org/10.5281/zenodo.22055738*

Ҳаммемизге мәлим өртлер инсанлар саламатлығына ҳәм мал-мүлкине материялық зыян алып келиўши апат екенин.

Соның ушын бундай унамсыз ўакыялардың алдын алыўымыз, өз турақ жайларымызда, жумыс орынларымызда өрт қәўипсизлигин барқулла тәмийинлеўимиз керек.

Ҳәзирги кунде Хожели районы аймағында 2026-жылдың 6 айы даўамында 22 өрт келип шығыў ҳаллары есапқа алынды.

Жүз берген өртлердиң келиб шығыў себеблерин анализ қылғанда, олардың көпшилиги турақ жайларда орнатылған ысытыу печьлердиң насазлығынан, электр сим ҳәм ускенелериның насазлығынан, өртке итибарсизлиқтан ҳәм басқада өрт қаўипсизлиги қағыйдаларының бузылыўларынан өртлер келип шықпақта.

Турақ жайларда орнатылған ҳәр қыйлы ысытыу печьлердиң насазлығына, электр сим ҳәм ускенелериның насазлығынан **«ҳеш гәп болмас»** деген немқурайлылық, оларды ўақтында тексериўден өткерип турмағанлығымыз өрттиң пайда болыўына себепши болатуғынын көп жағдайда жүда кеш түсинип жетемиз.

Хожели районы Айрықша жағдайлар бөлими жеке қурамы тәрепинен ҳәр бир пухаралардын турақ жайларында өрттин алдын алыў ҳәм қәўипсизликти асырыў мақсетинде угит-насият тусиндириў жумыслары кең колемде алып барылмакта.

Буннан басқада турақ жай, мекеме ҳәм кәрханаларға өрт қәўипсизлигинин алдын алыу бойынша еслетпелер тарқатыў жумыслары жолға қойылған.

Хурметли районымыз турғынлары өрт қәўипсизлигин тәминлеў ҳәм өртлердиң алдын алыў ҳәр биримиздин миннетли уазыйпамыз деп ойламын.